

JESYON BÈT

BÈT KI KOMEN NAN JADEN



Afid

vèt, gwosè yon tèt epeng, anjeneral nan grap



Ensèk Konkonm

jòn ak bann nwa, longè 1/5 pous



Ensèk Pinèz

nwa oswa mawon, iritan, gwosè yon tèt epeng



Pinèz Kalbas

Kò gri ak angilè, ze wouj oswa koulè zoranj, gwosè yon santim

KIJAN POU W ANPECHE YO

WOTASYON REKOT: Vire rekòt yo konsa ou p ap plante menm espès ki nan menm fanmi syantifik la nan menm zòn nan jaden w chak sezon. Pa egzanp, evite plante tomat nan menm zòn kote ou te plante piman sezon anvan an. Bèt yo pafwa rete andòmi nan tè a nan sezon anvan e si w mete plant ki gen menm kalite sa ka ogmante vilnerabilite yo pou bèt sa yo.

PLANT KONPAYON: Plante plant konplèmantè sa yo akote youn lòt ka gen benefis doub. Gen kèk plant konpayon ki atire bon ensèk, tankou polinizatè, e an menm tan yo dekouraje move ensèk yo.

TE KONPOS: Aplike te konpos nan plant se tankou bay plant yo yon probyotik. Li ranfòse sistèm iminitè plant la e pèmèt plant la pi rezistan ak envazyon. Pou ogmante pwopriyete prevansyon ensèk nwizib te konpos la, ou ka flite li sou fèy nan plant ou yo. Bon Mikwòb ki abondan nan te konpòs la ede sistèm iminitè plant la atake mikwòb danjere ak maladi yo.

CITY of BOSTON



Tomat ak bazilik se plant konpayon.



GrowBoston

growboston@boston.gov

KIJAN POU W JERE YO

ATIRE PREDATÈ YO: plant ki atire bon ensèk, tankou koksinèl, lapriyè mantises, ak gèp parazit ka trè efikas nan jere ensèk nwizib yo. Ensèk sa yo atake larv ak ravajè gwo jaden e ede redwi popilasyon move ensèk yo. Jaden ki gen yon varyete plant, ki gen ladan ti pyebwa, zèb tèritwa, e patikilyèman plant ki fè flè pandan tout sezon an, ka ede ogmante popilasyon bon ensèk nan jaden w.

APPLY KOUVÈTI RANJE: Twal Polyester sa a espesyalman efikas nan pwoteje plant kont ensèk mobil nwizib, tankou ensèk ak ti papiyon. Sèvi ak ranje materyèl ki pi lejè nan sezon prentan ak ete pou kenbe sikilasyon lè ak tanperati balanse pami plant yo.

KOUPE YO ALAMEN: eseye kontwole pou ensèk nwizib sou yon baz chak semèn. Si ou vijilan nan ensèk nwizib byen bonè nan sezon an, retire ensèk nwizib yo fizikman kapab yon metòd jesyon efikas ki pwolonje lavi plant ou yo. Sa a ta tou senpleman enplike retire pinèz kalbas, koupe vè, ak ensèk konkonb ak ze yo soti nan plant ou yo epi jete yo nan dlo savon, ki toksik pou anpil ensèk.



RESÈT NATIRÈL ESPRE POU ENSÈK NWIZIB

Engredyan

- 1 gous lay
- 1 ti zonyon
- 1 ti kiyè poud piman zwazo
- 1 qt dlo
- 1 gwo kiyè savon vesèl likid
- 1 boutèy espre pwòp
- 1 twal fwomaj

Koupe oswa moulen zonyon ak lay. Apresa mete dlo epi melanje l nan poud piman zwazo a. Kite l tranpe pou yon èdtan epi koule melanj la avèk yon twal fwomaj. Ajoute savon likid vesèl la. Flite fèy yo konplètman, enkli sou kote yo. Mete melanj la nan yon veso ki byen sele epi kenbe l nan frijidè a jiska yon semèn.